

BAB I

BUBUKA

1. Kasang Tukang

Basa boga pungsi anu kacida pentingna dina kahirupan manusa, diantarana waé pikeun nepikeun émosi, kahayang, gagasan, atawa nepikeun pikiran hiji jalma ka jalma séjénna dina hirup kumbuh sapopoé.

Salian ti pungsi di luhur, basa Sunda ogé dipaké média ku panuturna pikeun nepikeun éksprési jiwa ngaliwatan karya sastra. Ieu prosés réka cipta ngaliwatan rakitan basa téh, ayana ti baheula nepi ka ayeuna, dina kahirupan masyarakat Sunda modéren.

Karya sastra téh mangrupa karya seni anu digelarkeunana maké parobot basa. Nilik kana wangunna, karya sastra dibagi tilu bagian: puisi, prosa, jeung drama. Dumasar kana umurna, karya sastra Sunda téh aya nu kagolongkeun kana; 1) karya sastra buhun, saperti: jangjawokan, sisindiran, pantun, jsb, 2) karya sastra modéren, saperti: sajak, carpon, novel atawa roman, jsb (Sumarsono, 1986).

Ku lantaran sastra Sunda téh digelarkeunana dina wangun basa, ku kituna dina matéakeun éta wangun basa téh diantarana napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis dina poténsi maksimal anu dipibanda ku basa, kaasup rupa-rupa pungsina jeung makéna basa. Éta nu jadi udagan dina pungsi sastra anu

salawasna kudu éndah (*dulce*), anu bisa méré kanikmatan ka nu macana (*pleasure*).

Dina enas-enasna mah sastra téh mangrupa gembleran tina hasil nyawang kahirupan. Ngawengku rupaning unak-anikna kahirupan, anu diréfléksikeun dina wangun karangan anu sifatna imajinatif.

Dina kahirupan masarakat buhun, kagiatan ngagelarkeun hiji karya dina rakitan basa téh lain pikeun nyumponan pangbutuh éstétis wungkul, tapi ogé pikeun nyumponan pangabakti anu raket patalina jeung agama atawa kapercayaan. Hal ieu bakal ébreh lamun urang niténan salah sahiji titinggal karuhun Sunda anu disebut mantra.

Puisi mantra nya éta salah sahiji karya sastra nu buhun tur ngandung kakuatan magis pikeun ngahontal tujuan ku cara nu luar biasa. Dina hakékatna mantra téh ngahubungkeun manusa jeung dunya misteri, salian ti éta mantra dianggap sakral, suci jeung ngandung karamat (Sumarsono 1986; 36).

Sumebarna mantra lumangsung sacara lisan, contona waé ti hiji guru ka muridna, ti hiji kolot ka anakna, atawa incuna jeung saterusna. Ieu hal lumangsung dina prosés guguru atawa ngawariskeun atawa pangabisa ka turunana sangkan warisan budaya karuhun tetep langgeng diropéa tur dipaké. Masarakat di Kacamatan Buahdua ayeuna geus mimiti kasilih ku kamekaran jaman, nu asalna budaya nyeungeut menyan, ngukusan, jsb., nu baheula sok dilaksanakeun, ayeuna mah geus jarang dilakukeun, sanajan kitu masih kénéh aya anu ngagunakeun hal-hal anu ditataan di luhur, sabab maranéhna yakin yén mantra-mantra téh bisa ngahasilkeun, tapi barudak/generasi panerusna mah

geus loba nu mopohokeun. Anu tara ngagunakeun mantra anu leket agama Islamna. Cenah mah haram lamun kikituan téh. Padahal sabenerna mah budaya anu aya téh kudu dimumulé, sabab lamun teu ku urang rék ku saha deui, sapanjang éta budaya masih kénéh ditarima ku masarakat.

Prosés ngajaga sangkan ieu warisan budaya karuhun téh teu leungit, nya éta salah sahijina ku cara ngawanohkeun deui wangun sastra ka generasi ngora ngaliwatan atikan anu resmi, nya éta lembaga pendidikan. Ieu hal kaunggel dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar Basa Sunda pikeun SMA kelas XII semester 2.

Hasil panalungtikan kana puisi mantra téh geus aya, diantaranya waé **Bagbagan Puisi Mantra Sunda** (1970) meunang nalungtik Yus Rusyana, **Aprésiasi Kasustraan Sunda** (1984) meunang nalungtik Yetty Kusmiati Hadish. Panalungtikan wangun skripsi dilakukeun ku Lina Herlinawati taun 1997, judulna **Puisi Mantra Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra Sunda di SMP**; Retty Isnéndés taun 1998, judulna **Analisis Puisi Mantra di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi**; Kiki Maria Hodijah taun 2003, judulna **Invéntarisasi Puisi Jangjawokan di Kampung Anggacarang Kacamatan Kacamatan Bojongloa Kidul Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SLTP**; Dadang Gunawan taun 2004, judulna **Analisis Puisi Mantra di Désa Malati Kacamatan Naringgul Kabupatén Cianjur**; jeung Aneu Nurlaéla taun 2008, judulna **Puisi Mantra di kampung Ciarileu Kacamatan Cikajang Kabupatén Garut: Invéntarisasi jeung Analisis Ajén éstétis Struktur**.

Samporétna nepikeun bahan pangajaran puisi mantra, ngabalukarkeun eusi jeung maksud anu nyamuni dina mantra teu kaguar, padahal hal éta téh mangrupa udagan anu kudu dihontal dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar . Ku kituna, panalungtikan ngeunaan puisi mantra anu diluyukeun jeung bahan pangajaran Basa Sunda di SMA, hususna puisi jangjawokan, perlu pisan dilaksanakeun. Sanajan geus aya panalungtikan saméméhna, teu nutup kamungkinan pikeun nalungtik hal anu sarua tapi tempat panalungtikanana béda. Tujuan ieu panalungtikan bisa méré pilihan référénsi jeung inovasi anyar dina nepikeun pangajaran ngeunaan puisi jangjawokan.

2. Watesan jeung Rumusan Masalah

2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, masalah dina ieu panalungtikan téh ngeunaan puisi jangjawokan. Kiwari puisi jangjawokan geus kurang dipikawanoh ku generasi ngora, alatan nu boga jangjawokan teu ngawariskeun ka generasi ngora. Ku kituna, pikeun nambaan kahariwang tadi, aya salah sahiji tarékah sangkan puisi jangjawokan henteu leungit. Éta tarékah téh nya éta ku ayana panalungtikan ngeunaan puisi jangjawokan. Ieu panalungtikan baris diwatesanan sangkan teu lega teuing ambahanana, watesan ieu panalungtikan nya éta:

1. wangun, eusi, purwakanti, wirahma, jeung basa anu aya dina puisi jangjawokan anu aya di Désa Nagrak Kacamatan Buahdua Kabupatén Sumedang,

2. puisi jangjawokan anu bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra Sunda di SMA.

2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah diluhur, masalah dina ieu panalungtikan téh dipertélakeun dina wangun patalékan ieu di handap:

1. kumaha wangun, eusi, purwakanti, wirahma, jeung basa anu aya dina puisi jangjawokan anu aya di Désa Nagrak Kacamatan Buahdua Kabupatén Sumedang?
2. puisi jangjawokan anu mana nu bisa dipaké pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra Sunda di SMA?

3. Tujuan Panalungtikan

Tujuan anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Ngadéskripsikeun hasil puisi jagjawokan anu ngawengku wangun, eusi rékaan, wirahma, jeung basa puisi jangjawokan anu aya di Désa Nagrak Kacamatan Buahdua Kabupatén Sumedang.
2. Nangtukeun puisi jangjawokan anu bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra Sunda di SMA.

4. Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat hususna pikeun nu nulis, umumna pikeun pihak séjén, di antarana anu ditataan ieu dihandap.

1. Bisa ngeuyeuban warna sastra anu geus aya nya éta ngeunaan puisi buhun, puisi mantra hususna puisi jangjawokan,
2. Bisa ngeuyeuban *khazanah* budaya bangsa, hususna budaya Sunda.
3. Sacara akademis nya éta ngeuyeuban bahan pangajaran sastra buhun dina pangajaran Basa Sunda ngeunaan aprésiasi sastrana.

5. Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta salah sahiji bebeneran, tiori, atawa pamadegan anu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan anu geus teu dipasualkeun deui bener salahna sarta dina prinsipna bisa ditarima ku sakumna jalma kalawan teu perlu diuji deui (Suyatna,1994:3).

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan diantarana waé:

1. Puisi jangjawokan kaasup puisi lisan,
2. Puisi jangjawokan mangrupa karya sastra buhun anu kudu dimumulé ku urang Sunda,

6. Wangenan Operasional

Istilah-istilah anu aya dina panalungtikan sangkan leuwih jéntré baris didéskripsikeun di handap ieu :

1) Puisi Jangjawokan

“Jangjawokan nya éta mantra anu dipaké pikeun ngahontal karahayuan tina hiji lalampahan bari prosés kagiatanana lancar taya halangan-harungan” (Rusyana, 1970:9-11).

2) Désa Nagrak

“Nagrak maksudna wewengkon anu aya di Kacamatan Buahdua Kabupatén Sumedang anu dijadikeun tempat panalungtikan pikeun meunangkeun data ngeunaan puisi jangjawokan anu masih kénéh sumebar di masarakatna”.

3) Aprésiasi Sastra

“Sakur pangajaran sastra anu mibanda tujuan pikeun meunangkeun pangalaman anu leuwih jero kana masalah kahirupan anu aya dina karya sastra, sarta ayana kahayang pikeun ngajawab éta masalah.” (Rusyana, 1982:7).

4) Bahan Pangajaran SMA

“Bahan pangajaran nya éta matéri anu rék diajarkeun ka murid Sekolah Menengah Atas dina prosés diajar-ngajar (KBM).”

5) Ajén

“Pangaji atawa harga. Jadi, ajén dina ieu panalungtikan nya éta hal-hal (nilai-nilai) kaéndahan nu nyangkaruk dina puisi jangjawokan” (LBSS, 1976:).

6) Struktur

“ Susunan yang disusun dengan pola tertentu atau peraturan unsure-unsur dari suatu benda atau wujud” (KBBI, 1996)

7. Méthode jeung Téhnik panalungtikan

7.1 Méthode

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode deskriptif Sudjana jeung Sudrajat (2001: 89) nétélakeun, yén:

“Penelitian deskriptif menuturkan dan menafsirkan data yang berkenaan dengan fakta, keadaan, variable, fenomena yang terjadi saat penelitian berlangsung dan menyajikan apa adanya.”

Pamadegan séjén ngeunaan panalungtikan déskriptif ditétélakeun ku Sudjana (2000:52), yén tujuan deskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajéntrékeun hiji kajadian anu keur lumangsung.

Tujuan tina panalungtikan déskriptif nya éta pikeun ngadéskripsikeun atawa nyieun gambaran sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat tina data anu rék ditalungtik.

7.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nya éta salah sahiji upaya néangan cara anu rék dihontal, ngagunakeun méthode anu geus ditangtukeun, sangkan tujuan dina hiji panalungtikan bisa kahontal.

Téhnik panalungtikan anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta: (1) téhnik obsérvasi, (2) téhnik analisis interprétasi, (3) téhnik wawancara, (4) téhnik dokuméntasi.

8. Sumber Data

Sanggeus panalungtikan dilaksanakeun, data-data anu ka kumpul dianalisis nya éta dianalisis téksna. Téks jangjawokan nu baris dianalisis nya éta 30 jangjawokan. Anu baris dijadikeun bahan pangajaran nya éta 25% atawa gumantung lobana jangjawokan anu bisa diterapkeun pikeun pangajaran aprésiasi sastra sunda di SMA.

9. Léngkah-Léngkah Garapan

Léngkah-léngkah garapan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta

1. Tatahar
 - a. Nyiapkeun bahan pikeun panalungtikan
 - b. Nangtukeun judul
 - c. Ngajukeun judul
2. Ngumpulkeun data
 - a. Maluruh ngeunaan eusi jangjawokan
 - b. Néangan wangun, eusi, purwakati, wirahma jeung basa anu aya dina jangjawokan
3. Tahap ngolah data
 - a. Nganalisis eusi jangjawokan

- b. Ngalalisis puisi jangjawokan pikeun bahan pangajaran SMA
- c. Nyindekkeun data nu geus aya

4. Tahap Nyusun Laporan

Sanggeus nganalisis puisi jangjawokan, tuluy hasil panalungtikan téh disusun kalawan sistematis, saperti nu dibéréndélkeun dina sistematika panalungtikan, saperti di handap ieu:

10. Sistematika Penulisan Panalungtikan

Sabada data panalungtikan diolah, hasilna baris disusun kalawan puguh éntép- seureuhna dina wangun skripsi kalawan sistematika ieu di handap:

BAB I	BUBUKA
BAB II	PUISI JANGJAWOKAN JEUNG BAHAN PANGAJARANANA DUMASAR KANA STANDAR KOMPETÉNSI JEUNG KOMPETÉNSI DASAR
BAB III	MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN
BAB IV	ANALISIS PUISI JANGJAWOKAN DI KAMPUNG NAGRAK KACAMATAN BUAHDUA KABUPATEN SUMEDANG
BAB V	KACINDEKAN JEUNG SARAN

12. Rarancang Panalungtikan

Ieu panalungtikan baris dilaksanakeun di Desa Nagrak Kacamatan Buahdua Kabupatén Sumedang

- a. Tatahar : Bulan Januari 2009
- b. Ngalaksanakeun panalungtikan: bulan Fébruari – Maret 2009
- c. Ngolah Panalungtikan; bulan April 2009
- d. Nyusun Laporan hasil panalungtikan: bulan Mei 2009

